

**АДÆЙМАГÆН, ДАН, ÆХЕЦÆН ЦИ НÆ БАНТÆСУЙ ИСАРАЗУН, УОЙ ИННЕТÆН ФÆДЗÆХСУЙ...**

***Артур ШОПЕНГАУЭР (1788-1860), немуцаг философ: «Кадæ аразгæ ’й, адæймаг, æхе иннети хæццæ рабаргæй, цихузæнæй байзадæй, уомæй... Еугуремæй устурдæр аргъ фæууй, алли уавæрти дæр æ меддуйне æнæййевгæ кæмæн байзайуй, еци адæймагæн. Æндæр дзурдтæй зæгъгæй, кадæн æхецæн неци аргъ ес, фал адæймаг кади аккаг кутемæй иссæй, е æй æ рахуæцæн...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№5 (1022) 2026 анзи 14 февраль – комахсæни мæйæ

Аргъ 1 туман


# «ХÆЛАР ЛИМÆНТÆЙ ЦÆРЕТÆ, УРУХ УИН УÆД ЕУ ГОЦЦА!..»



## КÆСТÆРТÆМÆ

*Исбайлæгъ уотæ, кæстæртæ,*
*Дзилли гъæйтти – фæдесон, –*
*Идзаг байлæхъ зæрди фæттæй*
*Уæд уæ нур æма уе ’сон!*

*Ма кометæ фудæнхæлтæн*
*Сæ фæсмæртæ уодæнсун, –*
*Нæ кадæнгитæ, цæгъдтæлтæ*
*Ма бауадзетæ гæлдзун!*

*Кæрæдзей гъес ма хуæретæ,*
*Ма уæ асодзæд соцъа, –*
*Хæлар лимæнтæй цæретæ,*
*Урух уин уæд еу гоцца!*

*Фидиуæзæг – уæ аздонæ,*
*Фиди фарнæ – Елсират, –*
*Æзгъæр феста уæ хæдонæ,*
*Зæриндаг феста уæ над!*

07.08.2022

**Искурдиадæгин поэт, публицист æма тæлмацгæнæг Мамукъати Геуæргий фурт Хъазбегмæ æнхæстæй хауй нæ ирæзгæ кæстæрти хæццæ фæдзæхсти хузи зæгъуйнæгтæй дзоруни барæ. Фиццагидæр, æ кари курухондзийнадæмæ гæсгæ – 15 феврали ибæл æнхæст кæнуй дæс æма æртинсæй анзи. Еци æнзтæн ба сæ бæрцæ дæр нимади куд нæ уа, фал, махмæ гæсгæ, растдæр уодзæнæй уонæн сæ бæркадмæ гæсгæ аргъ кæнун. Æма сæ ирисхъи хумгонд ку исхонæн, уæд, ци алæмæти тиллæг си бацæттæ ’й, е, æвæдзи, æхецæн дæр зæрдæхцæуæн æй, мадта дзиллæн ба æцæгæй фарнæхæссæг æй, уæлдайдæр ба кæстæртæн бабæздзæнæй сæ ирисхъи нæдтæбæл рæствæндаггæнæг хæзнайæн.**

**Мах ба абони Мамукъати Хъазбегæн æ бæрæгбони фæдбæл зæрдиагæй арфитæ кæнæн, мæнæ абони нæ газети 4-5-аг фæрстæбæл ци æрмæгутæ мухур кæнæн, уонæй дæр.**

## ИМИСÆН



### «КÆРÆЙ-КÆРОНМÆ ИСÆНХÆСТ КОДТОНЦÆ СÆ ИХÆС...»

Æвддæс æма инсæй анзей размæ, 1989 анзи 15 феврали нæ Фидибæстæмæ ’рбаздахтæнцæ, Афганистани зæнхæбæл сæ интернационалон ихæс дæс анзей дæргъи ка æнхæст кодта, Советон Æфсади еци хæйттæ еугурæйдæр. Æма уæдæй фæстæмæ еци бон бæрæггонд цæуй куд тугъдонтæ-интернационалистти имисæн Бон.

Афганистани зæнхæбæл архайæг 40-аг æфсади командæгæнæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр инæлар Борис Громов уотæ загъта: «Федарæй зæгъун уой, æма советон æфсæддонтæ кæрæй-кæронмæ æнтæстгинæй исæнхæст кодтонцæ, сæ размæ ци ихæстæ æвæрд адтæй, уони!..» Æнхæст ба искодтонцæ, гъулæггагæн, хъæбæр æгæрон уæззау аргъ бафедгæй – еци тугъдон цаути фæммард æнцæ финддæс мин æфсæддони, уонæй ба æвддæс æма æртинсæй адтæнцæ не ’мзæнхонтæ. Уони рохс нæмттæ æма сæ лæгдзийнадæ нин æностæмæ имисуйнаг æнцæ…

## АХСГИАГ ЦАУ



### АРФÆГОНД МÆЙÆ – РАМАДАН

Пусулмон къæлиндармæ гæсгæ 19 феврали ралæудзæнæй Рамадан – пусулмæнттæн арфæгонддæр æма цитгийнагдæр мæйæ. Еци бонæй фæстæмæ пусулмæнттæн райдайдзæнæй сæ тæккæ дæргъвæтийнæдæр комдарæн – Уораза.

Куд нимад цæуй, уотемæй Рамадани мæйи Аллах адæмæн æрæрветуй хуарздзийнæдтæ, хайгин сæ кæнуй фарнæй. Уомæ гæсгæ ба алли пусулмон дæр еци мæйи дæргъи уæлдай æновуддæрæй гъæуама архайа хуæрзæгъдаугин æма хуæрзауодæг унбæл.

Пусулмон комдарæн Уоразай туххæй æрмæг мухур кæнæн 7-аг фарсбæл.

* * *

Æма ма уин еума ахсгиаг хабар фегъосун кæнуйнаг ан. Мæйæ Рамадани райдайуни хуæдразмæ, абони, 14 феврали Дзæуæгигъæуи Национ наукон киунугæдони 10 сахаттебæл æ куст райдайдзæнæй Цæгат Иристони пусулмæнтти кезуй съезд.

*Григорий ПОМЕРАНЦ (1918-2013), уæрæсейаг философ: «Еугуремæйдæр æнаййепдæр, æнхæстдæр æхсæнадæ ’й, æ сахъатдзийнæдтæ ка лæдæруй æма сæ рæстæгæй-рæстæгмæ ка исараст кæнуй, уæдта, еу рæдудæй иннемæ хезгæй, размæ ка цæуй. Хузæнон уавæрти ци адæм цæрунцæ, уонæмæ, æрцæуæн кæмæн нæййес, уæхæн бæлдитæ нæ багъардзæнæнцæ. Цæмæй уæхæн бæлдити ранихъулай, уой туххæй гъæуама дæ зунд фæццæуа циуавæрфæнди бæлдитæ ку уонцæ, уæддæр...»*

**ЕУМÆЙАГ ГЪУДДАГÆН ДÆ ЗÆРДÆ, ДÆ ХЪАУРÆ КУ РАТТАЙ, УÆД ДÆ НАМУС ÆХУÆДÆГ ЕРДЗÆНÆЙ!..**



# ÆЦÆГ КОСÆГ Æ КУСТИ ИХÆСГИНÆЙ НÆ ИЗАЙУЙ!..

***Евгъуд æртиккæги Уæрæсей Президент Владимир ПУТИН æма Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН ци косæг фембæлд адтæй Кремли, уоми лæмбунæг дзубанди цудæй нæ республики социалон-экономикон райрæзтбæл архайди нерæнги хатдзæгтæ æма идарддæри нисантæбæл, сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ бийнонтæн уæлæнхасæн агъази нæуæг мадзæлттæбæл, уæдта ма æндæр ахсгиаг фарстатæбæл. Уой фæдбæл ци æрмæг мухур кæнæн, уой бацæттæ кодтан Цæгат Иристони Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-служби игъосункæнуйнагмæ гæсгæ.***

## «РАЗМÆ ЦÆУН ÆНТÆСУЙ ÆНОВУД АРХАЙДИ ФÆРЦИ...»

Фембæлди райдайæни Сергей Меняйло Уæрæсей Президентæн райарфæ кодта, хецаудзийнади федералон оргæнти ’рдигæй Цæгат Иристони социалон-экономикон размæцуди фарстатæмæ еудадзуг лæмбунæг цæстдард ке ес, уой туххæй. Региони разамонæг президентæн лæмбунæг радзурдта, республикæ идарддæри райрæзти нисантæбæл куд косуй, уой туххæй.

Уотæ, Сергей Меняйлой игъосункæнуйнагмæ гæсгæ, 2025 анзи медрегионалон продукти бæрцæ рауадæй 355 миллиард сомей бæрцæ (2024 анзи хæццæ рабаргæй, 50 миллиард сомемæй фулдæр). Уæхæн бæрæггæнæн къохи бафтудæй цалдæр ахсгиаг æууæлей фæрци: региони сæйраг капиталмæ инвестицитæ исирæзтæнцæ, агропромышленнон комплекси, промышленности, логистикон центртæ æма туризми инфраструктури объектти архайд зингæ фæгъгъомусгиндæр æй.

Республики экономикон размæцуди гъуддагбæл комкоммæ ка ахедуй, еци агъазиау проекттæй цалдæр нуриуæнгæ æнхæстгонд æрцудæнцæ. Уони нимæдзи – рæзæдæнтти компани «Казачий хутор» æма гъаруæтти комплекс «Алани» (кæд фиццаг кустуат нур цалдæр анзей дæргъи æнтæстгин куст кæнуй, уæд дуккаг ба нерæнгæ фиццаг тиллæг исиста).

Идарддæр Сергей Меняйло радзурдта, хæстæгдæр рæстæг регион ци ахедгæ инвестицион проекттæбæл косдзæнæй, уой туххæй. Уой фæдбæл нæ бæсти разамонæгæн фегъосу кодта:

– Дæ амунддзийнадæмæ гæсгæ, республикæ архайуй устур транспортон-логистикон хаб исаразунбæл. Куд нисангонд цæуй, уотемæй си уодзæнæй аллихузон товарти 90 миллион еуæгемæй фулдæр æфснайæн бунæттæ. Проект æнхæстгонд ку ’рцæуа, уæд региони уæлæнхасæн фæззиндзæнæй 8,5 мин нæуæг косæн бунати.

Уомæй уæлдай, аци анз республики райдайдзæнæй, базальти хомаги бундорбæл аллихузон гъæугæ продукци кæми уадздзæнæнцæ, уæхæн нæуæг заводи арæзтадæ. Нуриккон технологон ефтонггæрзти фæрци нæуæг кустуат еу анзмæ уадздзæнæй базальти бундорбæл арæзт продукци 45 мин тонней бæрцæ.

Анзи пълантæмæ хаст æрцудæй Фиййагдони нæуæг пульмонологон центри арæзтадæ дæр. Сергей Меняйлой дзубандимæ гæсгæ, аци ахсгиаг социалон объекти проектонсметон документаци цæттæ ’й. Гæгъæдитæ хæстæгдæр рæстæг æрвист æрцæуудзæнæнцæ паддзахадон экспертизæмæ. Цæстдарæг оргæнти хатдзæг федаргонд ку ’рцæуа , уæд подрядчиктæ арæзтадæмæ бавналдзæнæнцæ.

Социалон фарстатæбæл дзоргæй, региони разамонæг идарддæр куд фæббæрæг кодта, уотемæй республики ахедгæ куст цæуй цæрæнуатон программитæ æнхæст кæнунбæл дæр:

– Зæгъæн, республикæ рахецæн кодта нисанмæарæзт программæ «Цæрæнуæттæ – уæрæсейаг бийнонтæн»-и фиццаг къæпхæнбæл куст. Уой фæрци региони цæрæг 775 бийнонтæ асландæр аргъæй райстонцæ нæуæг фатертæ. Уой хæццæ ма, берæсувæллонгин бийнонтæ æма адæми иннæ льготон къуæртти минæвæрттæн фатерти аргъ æй никки аслиндæр. Аци анз республикæ бавналдзæнæй цæрæнуатон программити дуккаг къæпхæнмæ. Уой фæрци никкидæр ма еу мин бийнонти исуодзæнæнцæ нæуæг фатерти хецæуттæ.

## «СÆРМАГОНД ЦÆСТДАРД – ИХÆСГИН КЕ РАЗИ АН, УОНÆМÆ...»

Фембæлди архайгутæ сæрмагонд æргом раздахтонцæ Беслæни генералон пълан æнхæст кæнуни фарстамæ дæр. Еци документи бундорбæл ахедгæ куст цæуй сахари идарддæри социалон-экономикон райрæзтбæл. Амунд пълантæмæ ци 49 ахсгиаг объектей арæзтадæ æма цалцæг кæнуни гъуддаг бахастонцæ, уонæй бал нуриуæнгæ 46 цæттæ ’нцæ (кустити еумæйаг аргъ æй 8,5 миллиард сомемæй фулдæр). Иннæ объекттæбæл идарддæр куст цæуй.

Президент æма федералон Хецауади амунддзийнæдти бундорбæл дуйнеуон культурон-патриотон центр «Беслæн. Фиццаг скъола»-йи экспозицити идарддæри арæзтадæн лухгонд æрцудæй 250 миллион соми. Уомæй уæлдай, 2026 анзи æнхæстгонд æрцæудзæнæй номерæн комплекс «Изæдти сахар»-и фæлгонцади куститæ дæр (уонæн нисангонд цæуй 110 миллион сомей бæрцæ).

Сæрмагонд цæстдард ес, фиццаг скъолай арæзт террористон фудракæнди гъигæдард ка баййафта, еци адæмæн уæлæнхасæн паддзахадон агъаз дæттуни гъуддагмæ дæр. Адæми еци къуарæн социалон субсидитæ дæттунæн еу анзи æмгъудмæ нисангонд цæуй 100 миллион сомей бæрцæ. Уой хæццæ, уæхæн социалон агъази мадзæлтти æмгъуд раидарддæр кодтонцæ 2030 анзи уæнгæ.

Абони уавæрти архайгæй, æнæмæнгæ, лæмбунæг каст цæуй сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ бийнонтæн агъази фарстатæмæ. Нуртæккæ республикæ адæми еци къуари минæвæрттæн кæнуй 32 аллихузон социалон лæггади. Еци нисанæн 2022 анзæй нуриуæнгæ харзгонд æрцудæй 3,6 миллиард сомей бæрцæ.

Республикæ косуй регионалон программæ «Æхсаргин Иристон»-бæл дæр. Уой сæйрагдæр нисан æй сæрмагонд æфсæддон операций ветеранти нимæдзæй дæсни специалистти бацæттæ кæнун, цæмæй фæстæдæр сæ профессион дæснидзийнадæ равдесонцæ, хецаудзийнади регионалон æма бунæттон оргæнти, уæдта æхсæнадон еугæндти косгæй.

## «ИРÆЗГÆ ФÆЛТÆРИ ГЪОМБÆЛГÆНГУТÆ – НЕ ’ХСАРГИН ТУГЪДОНТÆ ДÆР...»

Сæрмагонд дзубандий аккаг æй, аци анз Цæгат Иристони ахурадон уагæдæнтти æфсæддон-патриотон гъомбæлади фарстати фæдбæл унаффæгæнгутæ косун ке райдайдзæнæнцæ, е дæр. Уæхæн нæуæг проекти фæрци сæрмагонд æфсæддон операций архайгути ’ргом здæхт æрцæудзæнæй ахурадон кустмæ, ирæзгæ фæлтæри патриотон гъомбæлади фарстатæ дæр ахедгæдæр хузи лухгонд цæудзæнæнцæ.

Владимир Путин хуарзæрдæмæ фæббæрæг кодта, Цæгат Иристони Сæргълæууæг сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ бийнонтæн агъази мадзæлттæбæл бæрнонæй ке косуй, еци æууæл.

Дзубандий архайгутæ æрдзурдтонцæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæ æма энергетики комплекси æнæкъулумпий райрæзти программæ, экономики къабæзтæн дæсни специалисттæ цæттæ кæнуни пълантæ æма æндæр нисантæбæл куст куд цæуй, уобæл дæр.

## «ÆМА ГЪÆУАМА ИСАРÆХСÆН – НÆ ИРИСТОНИ, НÆ ЕУГУРЕЙ ХУАРЗÆН...»

Нæ рагфидтæлтæ сæ ирисхъи хабæрттæ аразгæй, уотæ нимадтонцæ: «Æцæг косæг æ кусти ихæсгинæй нæ изайуй...» Æма сæ еци гъуди раст ке адтæй уæд дæр æма нерæнгæ дæр раст ке æй, уой уинæн нæ абони цардиуаги: æ бæрни куст бæрнонæй æнхæст кæнунæй æхе ихæсгинбæл ка нимайуй, уомæн æцæгæйдæр æнтæсгæ дæр фулдæр кæнуй, æхе ихæсгинæй нæ уадзуй... Гъеуотæ нин алкедæр ку архайидæ, уæд, баруагæс уи уæд, нæ цардиуаги хабæрттæ зингæ-зингæ зæрæдæмæдзæугæдæр уиуонцæ. Уомæн ба нин, мæнæ Владимир Путини æма Сергей Меняйлой фембæлди рæстæг лæмбунæг дзубанди куд бавдиста, уотемæй аккаг равгитæ æма гæнæнтæ ба ес, æцæг си хæдзардзинæй испайда кæнун гъæуй. Æма гъæуама исарæхсæн – нæ фидиуæзæг Иристони, нæ еугурей хуарзæн...

**Номдзуд революцион архайæг Байти Василийи фурт Чермени райгурдбæл 15 феврали æнхæст кæнуй авдинсæй анзи (1886-1919). Æ ном абони хæссуй Дзæуæгигъæуи бæрæгастæу гъæунгтæй еу.**

*«Бæгъатæрти цæсгæнттæ», зæгъгæ, нæ республики ци патриотон мадзал æнхæстгонд цæуй, уомæ гæсгæ, бундорон цалцæгкæнуйнади программæмæ хаст скъолати раззаг фæрстæбæл хузæгонд ærцæудзæнæнцæ, Фидибæсти сæрбæлтау тохти ка фескъуæлхтæй, уони сорæттæ. Скъолати коллективтæ сæхуæдтæ равзардзæнæнцæ, сæ ахургæнæндони фарсмæ си ке хузæ æвæрд æрцæудзæнæй, уой...*

## ЦИЙФÆНДИ ГЪУДДАГ ДÆР РАУОНЦИУОНДЗИЙНАДÆЙ ИСФЕДАУЙ!..



# КАДГИНÆН – КАДГИН ÆГЪДАУГОНД!..

***Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн æма сæ бийнонти иуонгтæн агъаз кæнуни фæдбæл Цæгат Иристони Æхсæнведомствон къамиси кезуй æмбурд æрæги арæзт æрцудæй Дигори районы. Разамунд ин лæвардта нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг ПЛАТИ Альбинæ. Архайгæ ба си кодтонцæ Дигори муниципалон искондисæргълæууæг ЦАГЪАТИ Сослан, районы бунæттон хеунаффæйади администраций сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг ХОХОЙТИ Валерий, республикон министрадтæ æма ведомствити минæвæрттæ.***

Нæ Цитгин Уæлахези 80 анзей кадæн фарæ Дигори районы ци берæ аллихузон цитгингæнæн мадзæлттæ арæзт æрцудæй, уонæн сæ агъазиаудæртæй еу иссæй – сахар Дигорай игонгонд æрцудæй Фидибæсти гъæуайгæнгути Парк. Уой фæдбæл кадгин мадзали архайдтонцæ районы сæргълæууæг **Цагъати Сослан**, «Аланти нихæс»-и районы Совети сæрдар **Къорнати Тотраз**, Афганистани ветеранти районы Совети сæрдар **Гамахарти Эрик**, сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ **Къорнати Алан**, **Цæрикъати Алан**, **Хъазбегти Геуæрги**, Дигорай фиццаг скъолай æригон æфсæддонтæ, сæ разамонæг афицер-гъомбæлгæнæг **Василий Биткин**.

Парк исаразуни гъуддаги ахедундзийнадæ æгæрон æй. Еуемæй, æгайтима иронх ни нæ кæнунцæ нæ фидтæлти тугъдон хъазауат æма æскъуæлхтдзийнæдтæ, цитгийнаг нин æнцæ, абони нæ Фидибæсти сæрбæлтау æхсаргинæй ка тох кæнуй, етæ дæр. Иннемæй ба, нæ нури ирæзгæ фæлтæртæн дæр е æй гъомбæлади алæмæти фæрæзнæ, уони зундирахасти дæр федар кæндзæнæй нæ хестæрти намусæн аккаг кадæ кæнуни разæнгарддзийнадæ æма Райгурæн бæстæбæл æновуддзийнадæ.

Аци цауи ахсгиагдзийнадæ ма уомæй дæр æй, æма ауæхæн парк нæ республики фиццагидæр ами фæззиндтæй. Уой уомæ гæсгæ баханхæ кодтан, æма аци районы нæ Фидибæсти сæрбæлтау хъазауатгæнгути кадæ æма намус цитгин кæнуни фæдбæл районы разамунди æма дзилли хъæппæресæй арæзт цæуй берæ арфиаг æма бафæнзуни аккаг мадзæлттæ. Сæ еугурей ранимайуни равгæ нин нæййес, фал си кæцидæрти туххæй ба цубурæй ракой кæндзинан. Зæгъæн, фараст скъолайеми æвæрд æрцудæй Фидибæстæ гъæуайгæнгути кадæн еу æма инсæй сæрмагонд номгин партитæ, фондз скъолайеми ба – зæрдæбæллæууæн фæйнæгутæ, дæс скъолайеми – музейон экспозицитæ, станицæ Николаевскийи ба кадетон къласæн лæвæрд æрцудæй сæрмагонд æфсæддон операций архайæг, Æхсардзийнади дууæ орденей кавалер **Руслан Ращепкини** кадгин ном. Уомæй уæлæнхасæн ма скъолати еудадзугдæр арæзт цæунцæ тематикон къласон сахæттæ, имисæн уроктæ, хуæздæр сочинени ниффинсуни, æртасæн куститæ бацæттæ кæнуни конкурстæ. Хуарз фæткæ иссæй е дæр, æма æфсæддонтæ æма ахурдзаутæ кæрæдземæ финстæгутæ æрветунцæ, цитгин кæнунæн бæласи талатæ сагъд æрцæунцæ зæрдæбæллæууæн Аллейи æма бæгъатæрти номбæл Дзæхæрадæнтти.

Аци æма ма берæ æндæр гъуддæгути æма фарстати фæдбæл цудæй, мæнæ ци æмбурди коййæй райдæдтан нæ дзубанди, уоми.

6

## ХУАРЗ РАКÆНУНБÆЛ АРХАЙÆ ÆМА АРФИАГ УОДЗÆНÆ!..

# БАЙАУОДÆН НÆ ФИДИБÆСТИ СÆРБÆЛТАУ ХЪАЗАУАТОНТÆБÆЛ!..

Æрбахæстæг бабæй нæмæ кæнуй нæ цитгиндæр бæрæгбæнттæй еу – Фидибæстæ гъæуайгæнгути Бон. Æма уой исбæрæг кæнунмæ нæхе цæттæ кæнгæй, нæ гъудитæ фулдæр баст æнцæ сæрмагонд æфсæддон операций туфули ка 'й, нæ еци иристойнаг тугъдонти хæццæ.

Нæ тугъдонтæ, кæд æма абони идардгомау æнцæ сæ райгурæн зæнхæй, уæддæр сæ сагъæсти ба нæ хæццæ 'нцæ, æма нин нуртæккæ нæ бæгъатæр æнсувæртæбæл байаудуни, сæ зæрдитæ син Иристонæй æрвистæгтæй барохс кæнунæн ес дессаги фадуат. Еу загъдæй, байархайæн, цæмæй 23 февраль нæ лæхъуæнтæн исуа æцæг бæрæгбон.



Уомæн æнæмæнгæ агъаз фæууодзæнæй, Еугуруæрæсеуон адæмон фронти цæгатиристойнаг хайадæ æма Дзæуæгигъæуи Иристойнаг районы социалон лæггæдти центри хъæппæресæй, «Æрвистæг æфсæддонæн», зæгъгæ, ци еугурадæмон акци арæзт цæуй, е. Уадзæ æма Фидибæсти алли гъæуайгæнæг дæр банкъара Иристони цæргути ауодундзийнадæ, е 'мзæнхонти æрвист гъар уæледарæс æма хуæрзадæ хуаллаг, сувæллæнтти финстæгутæ æма хе къохæй конд лæвæрттæ ин æ гъомусбæл æфтауонцæ.

Сæрмагонд æфсæддон операций тæлмæмæ хунтæ æрветунвæндæ ка кæна, еци адæмæн фæббæлвурддæр кæндзинан æрвистæгти номхигъд. Уони нимæдзи дæргъвæтийнæ рæстæг ка нæ исæфуй, уæхæн хуаллаг (цай, къофи, ниуазæн дон æма æндæр уæхæнттæ), гъар уæледарæс, санитарон кæдзосдзийнади фæрæзнитæ. Æма, ке зæгъун æй гъæуй, сувæллæнтти финстæгутæ æма хузтæ – етæ уæлдай æхцæуæн фæуунцæ тугъдонтæн.

Гуманитарон æрвистæгтæ бахæссæн ес акций штабмæ уæхæн адресбæл: Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2. Еугур исæвзургæ фарстатæ дæр раттæн ес уæхæн телефонæй: 70-70-08.

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ...



Иристони æма Кæсæг-Балхъари адæмтæ æности дæргъи æмвæрстæ цæрунцæ кæрæдзей лæдæргæй æма нимайгæй. Уотæ зæрдхæларæй ка цæра, уони медастæу ба гъазæнходæн дзурд дæр куд нæ исфедауй. Æма уин еу уæхæн хабар ракæнуйнаг ан.

Цæветтонгæ, дигорон æма кæсгон куддæрти-муддæрти фæййамал кодтонцæ карк. Ку 'й исфунхтонцæ, уæд раунаффæ кодтонцæ:

– Айæ нæ дууемæн цæй фагæ уодзæнæй, уой бæсти æй нæ еу ку бахуæридæ, уæд – хуæздæр.

Уобæл исарази æнцæ. Æцæг дигорон бафарста:

– Æма 'й нæ дууемæй ка гъæуама бахуæра?

Кæсгон рагъуди кодта, уæдта загъта:

– Ахсæви ни хуæздæр фун ка фæууина, карк дæр е сæумæй бахуæрдзæнæй...

Уотемæй ниххустæнцæ. Кæсгон ку бафунæй æй, уæд дигорон исистадæй, карк бахуардта æма нæуæгæй ниххустæй. Сæумæй ку райистадæнцæ, уæд дигорон кæсгони фæрсуй:

– Цæй, ци фун фæууидтай?

– Мæ хæлар, дессаги фун: цума мæ изæдтæ исистонцæ æма мæ рохс бунатмæ исхастонцæ.

Уой райгъосгæй, дигорон ин ку зæгъидæ:

– Æз дæр дæ тæхгæ фæууидтон, æма уотæ бангъалдтон, фæстæмæ нæбал æрæздæхдзæнæ, уомæ гæсгæ ба карк бахуардтон…

* * *

*Аци таурæхъ кæсгæнттæй еске ку фæдздзоруй, уæдта уæхæн хузи, цума кæсгон фæллæгдæр æй æма дигоронбæл рагурдæй: карк е бахуардта. Уогæ кадæриддæр æй радзора, уæддæр еумæ зæрдиагæй фæххоудунцæ. Е дин æцæгæй зæрдхæлар рахастдзийнæдти æвдесæн…*



**Владимир ЛЕНИН (1870-1924), Советон Цæдеси бундорæвæрæг: «Æхсæнади цæрæ æма æхсæнадæй сæребарæ уо, уомæн уæн нæййес!..»**

Уæхæн бæрнон æгъдау фæууй, еугур дзиллæ дæр рæстуодæй ци æхсæнади фæццæрунцæ, уоми. Фал нури Уæрæсей «нæуæг цардиуагæ» аразгутæмæ ба æндæр зундирахаст ес: æхсæнади медæгæ цæргæй æма ин æ еугур фарнæй айдагъдæр сæхе хуарзæн пайда кæнгæй, сæхе æхсæнади рази еугур ихæстæй дæр кæрæйкæронмæ исуæгъдæ кодтонцæ...



**МАМСУРАТИ Дæбе (1909-1966), финсæг: «Гъæуама лæг æхецæн аргъ кæнун фæраза. Лæгæн сæр ку уа, уæд е фагæ нæй – еци сæр ма гъæуай кæнун дæр гъæуй...»**

Байгъосæн аци номдзуд адæймаги фæдзæхстмæ æма нин зундамонæг фæууæд. Цæмæй абони цардарæзти фæливд «тæркkъæвдати» нæ сæртæ багъæуай кæнунмæ исарæхсæн, æма цæмæй хуæздæр рæстæгутæ ралæууонцæ, уобæл архайунмæ нæ сæри зунд куд исарæхса.



**Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), номдзуд уруссаг финсæг: «Адæймагмæ хуарз цæстæй ку нæ кæсай, уæд царди дæ ахсгиагдæр ихæс не 'нхæст кæнис...»**

Бæргæ, аци зундгин фæдзæхст ку багъаридæ, абони хумæтæг адæймаги хузæнон цардиуагæ кæмæн арæзгæ 'й, уонæмæ. Фал кунæг!.. Куд фæззæгъунцæ, æфсес адæймаг, æстонгæй ка гъезæмарæ кæнуй, уой некæд балæдæрдзæнæй. Гъе уомæ гæсгæ «уæрæсейаг капитализм» ке фæрци нæмæ иситинг æй, уонæн сæ еугур сагъæстæ дæр æнцæ сæхе фулдæрдзийнадæбæл...

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Алексей Михаили фурт Клиновойи райгурдбæл 20 феврали æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1916-1992). 1946 анзæй фæстæмæ берæ æнзти дæргъи цардæй æма куста Цæгат Иристони.**

***Номдзуд Советон финсæг Максим ГОРЬКИЙ (1868-1936) уотæ фæдзахста: «Финсун ба гъæуй хумæтæг æвзагæй, раст цума мæнæ уарзондæр хæлари, адæми хуæрзтæн сæ хуæздæри хæццæ дзубанди кæнис: дæ гъуди кæронмæ нæма зæгъдзæнæ, уотемæй ба дæ балæдæрдзæнæй... Сæйрагдæр æй хумæтæг финсун,***



## МАДÆМÆ

**Кæд ескæд иссердтон бони радæ,**
**Кæд бавзурстон хорæн æ гъæрмадæ, –**
**Фиццагидæр дæу фæрци, мæ Мадæ.**

**Кæд мæ харæ, ме 'рхун, мæ фæллади**
**Ниууох кодтон, инæргъæ, кæрзхарди, –**
**Имистон фиццагидæр мæ Мади.**

**Кæд ескæд фæццæйкиудтæн мæ царди,**
**Кæд сугътæн мæ фæсмони цъæх арти, –**
**Агурдтон фиццагидæр мæ Мади.**

**Кæд не 'рхаудтæй дæлæмæ мæ кадæ,**
**Мæ дзиллæн кæд хастон бони радæ, –**
**Фиццагидæр дæу фæрци, мæ Мадæ.**

*30.06.2022*



МАМУКЪАТИ Хъазбеги мадæ Нависæн (ГАСИНТИ Абисали кизгæ) зæрдиагæй арфæ кæнæн æ фурти туххæй. Æнæнезæй æма зæрдрохсæй цæрæ, цитгин мадæ!..

# «КА МИН ЗÆГЪДЗÆЙ, ЦÆМÆН ХЕТУН МÆ ГЪЕНЦЪУНТИ ФÆСДЗÆГАТ?..»

## ДИГОРИ ГЪÆУТИ КАДÆНГÆ

Тамахса айтæ, нæ гъæутæ:
Москæ, Нарæ, Фæрæскъæттæ,
Дзинагъа, Устур Дигорæ,
Æхсæрисæр, Сурх-Дигорæ,
Хъусхæ-Майхуæ 'ма Дур-Дур,
Хусфæрæк æма Саур.
Ци хуарз айтæ, ци дзæбæх,
Киристонгъæу, Мостиздæх,
Ци рохс айтæ, зæрдеген,
Хæзнидон æма Лескен!
Нивгун уайтæ нивикарстæй,
И Хъалнæгътæ, и Охъазтæ,
Елхъабантæ 'ма Скъодтатæ,
Хъарабугъатæ, Хъабантæ,
Синдзигъæу, Уорсдон, Къора, –
Уæ цард уæбæл ниххор уа!
Нæ Дигори нивгун уайтæ,
Æскъæттиком 'ма Багъайтæ,
Зæрин уайтæ 'ма зæрдгин,
Кет, Хъазахтæ, Æхсæргин,
Дидинатæ 'ма Тауиттæ, –
Истахæд уин Арв уæ цитæ!
Дзæгъеппарз уа, Чикола, –
Бауарза уæ Никкола,
Нæуæггъæу, Къуссу, Гулæр,
Бауарзтон сумах æз дæр.
Уæ, Мæхческæ, уæ, Мæцутæ –
Зæрди науæр, уацæ дзурдтæ!
Мæ уодæн айтæ æ нор,
Одола, Фæснæл, Лезгор.
Рахатæд уæмæ йе 'рух
Нæ Хуцау, Секер, Кæлух,
Арфиаг уотæ, нивгун,
И Къаматæ, и Толдзгун.
Мæ уодæй æз дæн уæ хæццæ,
И Æхсæуæ, и Уæхъæцæ!
Куд нæ айтæ мин хеуон,
Нæ рагон гъæу Гибенон,
И Къумбултæ, Донифарс,
Задæлескæ – Нанай уарзт!
Турки зæнхæбæл – Пойразли,
Цума дæ ду дæр мæ рази, –
Куд нæ дин ковон мæ уарзти,
Куд нæ уон дæуæй арази?!
Мæн, Мадзаскæ 'ма Озрек,
Ма бангъæлетæ тæлег!
Ма уæбæл уæзæд æруæзæ,
Мæстинокæ 'ма Хæнæзæ!
Уæд итигъд алкæд уæ дуар,
Сонгутигъæу 'ма Хонсар,
Дунтæ, Къæмунтæ, Гæлйат, –
Ка уæ фæуууодзæй нимад?!.
Уæ уодихуасæ – Ирæф,
Ци кæдзос æй, ци æдзæф,
Ци бæрзонд æй, ци урдуг æй, –
Ци гъæздуг æй цæстисугæй?!.

*2022–2023*

## Е КА ЙÆЙ?

Мæ уадзевзæ кæд æй дæлтæ-уæлтæ,
Кæд гъæронгмæ хауй æ уæлхард,
Ниммин хатир кæнетæ, фиддæлтæ,
Лигъздæр мин истахетæ мæ над.

Хаттæй-хатт мæхе дæр нæ фæсмæрун...
Ниццæйгоби ун кæд, ниццæйгъос, –
Кæд, мийййаг, тæрегъæди нифсæрун,
Ба мæ ергъæвæд, ба, уæ кæдзос.

Нирræсадзгæй мæ уоди уæ уацæ,
Зæрди сог мин фæуууæд æртдзæфсæн,
Мæ зæрдæн æ къæсæри тæрвазæ
Мæ гъенцъунтæн исуæд мæрдхæссæн.

Æристæд хуæздæр хуарзæн æ фæткæ,
Исесæд нин рохсийнæ нæ сау, –
Кæбæл æй æнæмæнгæ æуууæндгæ,
Е ка йæй? Æдæуагæ – Хуцау!

*07.03.2025*

* * *

Æз цæун кумæдæр, кæмæдæр,
Цæмæ цæун, нур дæр нæма зонун, –
Гъе хуайунцæ асхъодтæ мæ сæр,
Гъе мæ уоди мæ нет ниннигозун...

Лæдæрсуй мæ цæстихаутæй хъонц,
Лæзæрун мæ гъенцъунти сау къарци, –
Цæй, кæнон сабийдогæмæ гоц,
Мæ рес мин фæссунк кæна нанай 'рций!..

Æй мæ зæрди дзæбокæ къаппил,
Фал хуайун си Уæларви къæсæртæ, –
Кæд фæууинæ Уæллагæн хъæбил,
Æригас уинæ кæд мæ фæсмæрдæ...

*12.03.2025*

## ХЪÆБИЛ ХУАЛЛАГ

Мæ гъæнтæ мин банихасæ,
Байауазæ мин мæ зин,
Мæ уодихуасæ, мæ хуасæ,
Мæ конхуал зæрди кæрдзин.

Фæддууех æй, æрсæститæ 'й,
Æрцæйхæрнæгъ æй мæ уод, –
Ис мæ есæ мæ мæститæй,
Куд нæ ниууон цæрдинод.

Дæ кæдзоси мæ нинсæндæ,
Ба мæ хуарз кæнæ бурцау,
Кæд фестинæ Дæ изæдтæн
Хъæбил хуаллаг, о Хуцау!..

*01.04.2025*

## МÆ ÆМГАРИ ТУХХÆЙ МÆ ЗÆРДИЙАГ ЗÆГЪУЙНÆГТÆ




*Мамукъати Хъазбеги æмдзæвгити аци æмбурдгонд*

*(«Мæйи сонатæ») мухури рацудæй 1998 анзи, æма ин нæ зундгонд поэт æма публицист Колити Витали ци раздзурд ниффинста, уоми уотæ зæгъуй:*

Лæгъуз финсти, уæдта æ автори туххæн дæр хъæбæр æнцон зæгъæн æй – растауæ, æмæ фæцæй. Фал æцæг поэти туххæй ба аккаг гъудитæ зæгъун хъæбæр зин æй. Евгъуд æноси зундгонд уруссаг поэт Афанасий Фет е 'мдогон зундгонд поэт Федор Тютчеви киунуги номбæл ци æмдзæвгæ ниффинста, уоми уæхæн гъуди загъта: «Аци тæнæг киунугæ берæ устур томтæй уæзгæдæр æй…»

Нæ бон махæн дæр федар æмæ æргомæй зæгъун æй: Мамукъати Хъазбег киунугæкæсгути размæ ци тæнæг киунугæ хæссуй, е дæр берæ аййев фæлуст æмæ бæзцъарæ киунугутæй уæзгæдæр æй. Уобæл æз æгириддæр секк нæ кæнун.

Æрдзæй кæдзос уод рахæсгæй æ сугъдæгдзийнадæ сауæдонау идарддæр ивулун кæнуй æ уоди фæсгъезæмæрттæй райгургæ рæнгъити дæр.

Рагæй зонун Хъазбеги, еу рæстæги ахур кодтан Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети филологон факультети дæр. Æма æ еци æригонæй абони уæнгæ æ зæрдихатт æндæрхузон нæ фæцæй, мæнæ уæлдæр куд загътон, уотæ байзадæй ирд æма кæдзосæй. Цидæриддæр ес адæймаги царди бæрзонддæр идеалтæй, етæ сæ еугур дæр æнцæ Хъазбеги исфæлдистади. Поэт æхе гъæуай кæнуй хумæтæг билисæрдæн дзубандитæй, куд æцæг искурдиадæгин, уотæ æ алли ниффинст рæнгъæ дæр æй зæрди арфæй ратæдзгæ, берæ рæстæгути расагъæстæ-басагъæсти гъезæмæртти æвдесæн. Æ алли дзурд дæр, æ алли ниффинст рæнгъæ дæр æй циргъ кардæй лигъз амад цæгиндзи хузæн.

Раздæр гъудæй аци киунугæ адæми размæ рахæссун, фал Хъазбег æхуæдæг æгæр хуæдæфсармæ 'й. Некæд хуаста æмæ хуайуй редакцити къæсæртæ, мæ финститæ мин рауадзетæ, зæгъгæ. Е ба æй æцæг рæстзæрдæ æма æцæг поэти менеуæг. Æцæг поэт ке æй Мамукъай-фурт, уомæн ба аци киунуги рæнгъитæ æвдесæн фæуууæнтæ.

***КОЛИТИ Витали***



**мæнæ Чехови хузæн... – æнæ тухарæзт ратасæ-батасæ, къленц миутæ нæ кæнгæй... Æцæг поэзи еудадзугдæр зæрди поэзи æй, уоди зарæг æй кæддæриддæр, е философий хецæ æстæн хатт фæууй æмизæл, унаффитæ, тæрхæнттæ кæнунæй ба æфсæрми кæнуй...»**



## ЗÆРОНД ЦАУÆЙНОНИ ГЪЕНЦЪУН

Мæ бæхи аргъ – сау сауæри,
Нæбал кæлуй си хъуæцæ, –
Нæбал цæудзæнæн цауæни,
Мæ хъæрæймаг нæ 'й рæвдзæ.

Нæбал дæн, нæбал – гъæйтт мардзæ –
Бæдæйнаг æма тумугъ,
Нæбал мин ес фадиварцæ,
Никкæссеу дæн, никъкъулух.

Мæ нифсийнæ æрсæститæ 'й,
Никъкъуæтти дæн, нифсæсос,
Цъæндæг-мæндæг – мæ цæститæ,
Кæддæргъосгин – къуругъос.

Кæддæрауги ку нæбал дæн
Барæуадзæ, мæрзæздухъ, –
Æризадæй мин еу бадæн
Бæхи бæсти – урундухъ.

*03.04.2025*

## ФИНСТОН ЦИДÆРТÆ

Æз финстон... Финстон цидæртæ,
Ивулдæй финститæй дон, –
Имистон нанай уæдæртæ,
Къæлæуатæ дæр инстон.

Сах уардта æви бурдæнтæ
Мæн хуастонцæ æверхъау, –
Сæ зилдæги нæ курæнттæ
Хуар инстонцæ æнæвгъау.

Мæ нанай дзикка, æ къинсæ
Куд адтæй уодæн хъазар! –
Тæходуй, æма ниффинсæ
Уони аккаг нидæн зар!..

*16.05.2025*

## МÆ ИДАЙÆН КÆЦÆЙ АДТÆЙ?..

Ци нихкъурцц дæн, фудигурд дæн –
Зингдзæгъдæг æви зингхуст? –
Фæццæйцудтæн, фæццæйкудтæн,
Ингин цигъдау – æнигуз.

Мæ идайæн кæцæй адтæй,
Мæ байдауæн кæми æй, –
Кæд ме 'нцойнæ æристадæй,
Кæд ме 'дули нидздзæрмæ 'й?!

Гъе ме 'мдзæвги салд фæрскъитæн
Исцæйабузтæй сæ хъанз, –
Æригъал дæн, æрæскъиттæн,
Искувддаг æй мæ маргас...

Мæ бæласдони фæткъутæн
Æз, æвæдзи, сæ къурма,
Фал ме 'нгартæй нæ фæгъгъудтæн
Мæ зæруайи дæр нурма.

*20.01.2026*

* * *

*Мæ синхон кизгæн æ зæрдæ*
*Ку зонинæ, ку, бæлвурд...*
*Малити Геуæрги*

Мæ гъæууон кизгæн æ зæрдæ
Ку зудтайнæ, ку, бæлвурд,
Уæд загътайнæ ин цидæртæ,
Уæд загътайнæ ин еу дзурд.

Нæ тухстайнæ мæ авари.
Исцагътайнæ тун-рæхис,
Фæццудайдæ минæвари
Гъур-гъургæнгæ мæ тикис.

Нæ уæлиндзи гирццæ гъосин
Лæвардтайдæ мин æ гъар, –
Багъардтайнæ кизги гъоси,
Имонауæ фæлмæн зар.

Ниццæйзардтайдæ мæ зæрдæ
И уæл-Уаза, и уæлхард, –
Фал уой уалæнгæ не 'схъæрттæн,
Фал не 'ссæй мин хуæрзфадуат...

Мæ гъæууон кизгæн æ зæрдæ
Нæ базудтон, нæ, бæлвурд,
Нæ ин исзагътон цидæртæ,
Нæ ин исзагътон еу дзурд...

*16.05.2025*

## САХУАРУН

Æрвти кард кæрдгæ-æвгæрдгæ
Кæлдæбæл кæлдæ цурхта, –
Ци сах кудтæнцæ Уæлæрвтæ,
Сæ гъарæнгæ уод сугъта!

Æрвдзæхæртæй арв нискъудтæ 'й,
Раст фестадæй сихирна, –
Ци сæх-сæх кодтонцæ сугтæ,
Мæ зæрдæ сæ бахуæра!

Куд æргъос уонцæ æмбойни,
Нæбал зелонцæ кинау, –
Иссеронцæ ми се 'нцойнæ,
Иссеронцæ ми се 'ллау.

*29.05.2024, 29.05.2025*


МАМУКЪАТИ Хъазбег æма Цæгат Иристони адæмон поэт БАБОЧИТИ Руслан.


МАМУКЪАТИ Хъазбег æма абхазаг поэт Геннадий АЛАМИЯ – абхазаг æвзагмæ къостай уадзимистæ ратæлмацгæнæг.

## КЪАППÆ-КЪУППÆ

Къаппæ-къуппæ æфхуард æй,
Бабедауи 'нцæ æ рестæ, –
Сугъзæрийнæй рацардæй,
Æ дадали нур – æвзестæ.

Ци ма кæна, ци кæна –
Мæнæ дестæ 'ма тæмæстæ,
Кизгæ адтæй, нур – Æна,
Æркъозо йæй еуæррæстæ.

Мæгурвæлгæлæс, æнкъард,
Мæ зæрди дуар бацæйхуаста, –
Ци карз адтæй æ уорс арт,
Цъæх зæлдæбæл æй бандзарста.

Къаппæ-къуппæ, мæ лимæн,
Цæй, цалæнги нæ рацох дæ,
Дæ уорс къæбæлдзуги мæн
Уодигагайау батохæ.

*09.07.2025*

## СУГИ ЗОЛАХЪ

Зæрæрдæмæ æрфестæг уй
Лæги цæсти суг-хулуй,
Æ фурцийни ниццæйкæуй,
Æ фуртухсти – идзулуй.

Æрцæуй мæмæ фудфунти,
Мæ асæги æвзедуй,
Агоруй мæ мæ евгъуди,
Мæ исони мæ цетуй.

Ка мин зæгъдзæй, цæмæн хетун
Мæ гъенцъунти фæсдзæгат, –
Цæсти хъозгъи ци рахед уй
Суги золахъ хаттæй-хатт?

Рæуæггомау, уæззау уаргъ æй,
Цæстудæй уæддæр хизт æй, –
Мæ уодæртау бадудагъ æй,
Мæ гъæбесмæ æрхизтæй...

*19.07.2025*

## МÆ УОДИ КÆРДЗИН

Нæма зонун, кумæ цæун,
Кæцæй æрцудтæн, уой дæр, –
Фæ-ммæ-хæссæнæй гирццæ рун,
Бонраздæр уа, бонуоддæр.

Мæ тæккæ зини, ме 'нцони
Ци мæбæл кæнуй æскъот,
Кумæ мæ хæссуй æмбойни,
Кæмæн гъаруй мæ асхъод?

Æ соцъа уадæ цирдæгæй
Æрбадундта æнæнгъæл? –
Мæ уоди кæрдзин нирдæг æй,
Нийййах кодта мæ цæгъдтæл...

*14.07.2025*

## ЦИ МИН ЗÆГЪИ?..

Цæй, ци зæгъи, ци мин зæгъи,
Сайнæг æстъалу – сæууон,
Ци уæларв дæ, ци дæлзæнхи,
Кумæ дæмæ фæццæуон?

Йе мæ хари, йе мæ цийни
Ку нæ дæн хорæй æфсес, –
Ци дин хæссон – мæ хурдзини
Цъасæ къапек ку нæййес?

Фурæдзæнхæ – мæ къæбæртæ,
Фæхxаста мин сæ халон, –
Цæй, фæлтауги дин, мæ зæрдæ,
Зæрдибунæй разарон!

*24.10.2025*

## ЦИЙНÆЙДЗАГ АРФИТÆ РÆСТВÆНДАГГÆНÆГ УÆНТÆ!..




*Мамукъати Хъазбег нин æ юбилейи хуæдразмæ ракодта заманай лæвар: мухури рацудæй е 'мдзæвгити нæуæг æмбурдгонд «Дууæ цардей астæу». Раздзурд ба ин ниффинста зундгонд литературон æртасæг Гетъойти Ларисæ. Æма си уотæ зæгъуй:*

Если верно, что в языке народа сказывается его национальный характер, то стихи Казбека свидетельствуют о нашем чрезвычайно разнообразном, глубоком характере.

Оказывается, можно, как от аккумулятора, заряжаться родным языком, потому как все творчество поэта-лирика, прошитая любовью, которая и есть краеугольный камень нашего существования..

Васо Абаев взывал к нам: «Бью тревогу и взываю: защитим, сохраним наш язык. В каждом доме на стене должен висеть плакат «Здесь говорят на иронском, дигорском!..»

Чего мы ждем от поэзии? Духовного преображения, светлых эмоций, нравственного очищения, которые она способна запустить в душу человека.

Поэт побуждает нас думать о смысле жизни и окружающего мира. Кто сейчас думает о Боге? Откройте стихи К. Мамукаева и вы почувствуете в каждой строке ощущение присутствия Бога, открывающего смысл земного бытия. Мысль поэта устремляется в небо, и в этом пространстве между небом и землей бьется его творческая мысль.

В стихах о родной земле у К. Мамукаева нет пафоса, есть затаенное теплое чувство единения с землей, откуда начиналось его путешествие в жизнь. В эпический идеал автора входят любовь, доброта, честь, достоинство, смелость, сострадание. Он не спорит, не учит, он излагает свой взгляд на жизнь. Главное для него – духовная составляющая, иногда он становится как бы посредником между миром людей и иными мирами.

Он счастливый человек, потому что у него чистая душа, высокий поэтический талант, и он умеет передавать людям свет своего сердца.

Но откройте книгу, читатель! И пусть отзовется ваше сердце, и это станет еще одним звеном родства в той чудесной цепи духовного единения, которую кует поэзия.

* * *

*Æ раздзурд Гетъоти Ларисæ уруссагау ке ниффинста, уомæй, æвæдзи, разгули кæнуйнаг æй, цæмæй Мамукъай-фурт æмдзæвгитæ уруссаг æвзагмæ тæлмацгондæй тагъд рæстæги фæззинниуонцæ хецæн киунугæй. Хуцау зæгъæд!..*



***Сæрмагонд æфсæддон операций цæгатиристойнаг архайгутæн аци анзæй фæстæмæ дæтдзæнæнцæ нæ бæсти Социалон фонди реабилитацион центртæмæ хе дзæбæх кæнунмæ цæуни барæдæттæг еумæйаг (проездной) билеттæ. Уой фæрци сæ бон уодзæнæй еци центртæмæ фæццæун æма уордигæй исæздæхунæн лæвар испайда кæнун транспорти еугур хузтæй: поезд, хуæдтолгæ, хуæдтæхæг, автобус, донбæлдзæуæг транспорт нимайгæй).***

# КАДГИНÆН – КАДГИН ÆГЪДАУГОНД!..

Æмбурд игон кæнгæй, **Плати Альбинæ** куд баханхæ кодта, утемæй æнæмæнгæ ахсгиаг фарста ’й сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ биййнонтæн берæвæрсуг агъаз кæнун. Фæдздзурдта, цæмæй алли уагæдони минæвар дæр хъæбæр лæмбунæг цæстæй кæса еци категорий граждæнти цигъæуæгтæмæ, гъæугæ хузи син дзуапп дæтта сæ фарстатæн.

Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн æма сæ биййнонтæн социалон агъаз кæнуни фæдбæл куст куд æнхæстгонд цæуй Дигори районы, уой туххæй æмбурди бæлвурдæй фегъосун кодта **Цагъати Сослан**. Æ радзубандий куд фегъосун кодта, утемæй, районы граждæнтæй Дигори æма Ирæфи районы æфсæддон комиссаради хæццæ бадзурд ка бафинста, уонæн муниципалон бюджетæй фист æрцудæй фæйнæ 100 мин соми еурæстæгон феддони хузи. Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ биййнонтæн, сæ царди уавæртæ фенцондæр кæнуни туххæй федералон агъазæй уæлдай ма район дæр син æхе фæрæзнитæй дех кæнуй. Зæгъæн, уæлдæр амунд граждæнтæ уæгъдæгонд цæунцæ, мулк æма сæ зæнхи хæйттæбæл хъалон федунæй, амалгъонади архайди хæццæ баст ку нæ уонцæ, утемæй. Уæгъдæгонд ма цæунцæ хъалонтæ афойнадæбæл нæ бафедуни туххæй ивартæй, уæдта еци нæ бафедуни туххæй син сæ фатерти гъардæттæг æма донуадзæн хæтæлтæ лухгонд нæ цæунцæ.

Сæрмагонд æфсæддон операций архайгути сувæллæнттæн æнæ кезуй лæугæй лæвæрд цæунцæ бунæттæ рæвдауæндæнтти, уой хæццæ ба ма уæгъдæгонд цæунцæ аллимæйон феддонтæй, скъолати дæр син лæвар лæвæрд цæуй гъар хуæруйнаг. Уой хæццæ ба ма син барæ лæвæрд ес аллихузон къуæрттæ, спортивон секцити архайунæн, уæдта муниципалон къæпхæни культурон-хеерхæфсæн мадзæлттæмæ лæвар цæунæн.

Цæрæнуатон программи хигъди æнцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгути фондз биййнонти. Уонæй дууæ биййнонтемæн сæ цæрæнбунæттон уавæртæ хуæздæргонд æрцæуздзæнæнцæ аци анз, иннетæн дæр сæ бартæ æнхæстгонд цæудзæнæнцæ фæткæвæрдмæ гæсгæ.

Дигори районы цæргутæй æфсæддон службæй уæгъдæгонд ка ’рцудæй, еци ветеранти нимæдзæ ’й нæудæс адæймаги, уонæй авдемæн се ’хсæн дуккаг къæпхæни инвалид, утемæй куст лæвæрд æрцудæй. Уонæй еу æй хекустгæнæг, дууæ ба си сæрмагонд гæгъæдитæ æмбурд кæнунцæ, социалон бардзурд исфедар кæнуни туххæй.

Сæрмагонд æфсæддон операций архайгути хæццæ федар бастдзийнадæ ес «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ»-йи фонди, Дигори районы адæми социалон гъæуайкæнуйнади управлений, социалон лæггæдти Комплексон центри косгути хæццæ. Цæстдард кæмæ цæуй, уони нимæдзæ ’й 487 адæймаги.

Районы æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади уагæдæнтти сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн барæ ес кезуй нæ лæугæй, се ’нæнездзийнадæ рагацау исбæрæг кæнунæн. Аци бони уæнгæ «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ»-йи фонд еу ветерани исефтонг кодта сæрмагонд протезæй, цæмæй æ бон уа спортæй архайун.



Фидибæстæ гъæуайгæнгути парк 2025 анзи майи сахар Дигорай игон кæнуни фæдбæл кадгин мадзали рæстæг. Рахесæрдигæй – Дигори районы сæргълæуууæг ЦАГЪАТИ Сослан.

Районы разамонæги радзубандимæ гæсгæ бæлвурд дæнцитæй фенхæстдæр кодта Цæгат Иристони социалон райрæзти министри фиццаг хуæдæййевæг **Мамайти Анджелæ** æма Дигори районы «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ»-йи фонди цæстдарæг **Сурхати Иринæ**. Аци фонди республикон хайади сæргълæуууæг **Хетæгкати Маринæ** ба куд баханхæ кодта, утемæй, сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ биййнонтæн агъаз кæнуни фарстатæ кæддæриддæр æнхæстгонд цæунцæ гъæугæ хузи æнхæстæй æма афойнадæбæл.

Сæрмагонд æфсæддон операций ка фæззиан æй, уони рохс нæмттæ цæмæй иронхуати ма байзайуонцæ, сæ кадæ цæмæй цæра æностæмæ, уобæл æнæмæнгæ гъæуй æновудæй архайун. Аци ахсгиаг фарстамæ æргом раздахгæй, нæ республики аййевади министри хуæдæййевæг **Рæмонти Маринæн** æма ахуради министри хуæдæййевæг **Габети Вадимæн** сæ дзубандий сæйраг гъуди адтæй, цæмæй нæ хъайтарти лæгдзийнади туххæй фулдæр æма бæлвурддæр æрмæг æмбурдгонд цæуа. Ахургæнæндæнтти сæ номбæл æвæрд цæуонцæ сæрмагонд мемориалон фæйнæгутæ, фарсбæл газеттæ, хъайтари номбæл партитæ…

Еци гъуддаги дæр Дигори районы, мæнæ ’й нæ радзубандий райдайæни ку загътон, берæ аллихузон арфиаг хъæппæрестæй æскъуæлхуй. Ес сæмæ, бафæнзун сæ цæмæй æнгъезуй, уæхæн фæлтæрддзийнадæ.

Æмбурди рæстæг Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри хуæдæййевæг **Хетæгкати Фатимæн** ба æ радзубанди адтæй сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн æма уони биййнонтæн афойнадæбæл медицинон, психологон æма сæрмагонд агъаз дæттуни ахсгиагдзийнади фæдбæл. Æма аци куст Дигори районы куд æнхæстгонд цæуй, уой туххæй бæлвурдæй фегъосун кодта районы адæмæн социалон лæггадæкæнуйнади Комплексон центри сæргълæуууæг **Беккузарти Артем**.

Нæ республики физикон культурæ æма спорти министри хуæдæййевæг **Хуадонти Артур** ба æмбурди архайгути базонгæ кодта сæрмагонд æфсæддон операций ка фæссахъат æй, утемæй спорти архайун ке фæндуй, уонæн гъæугæ уавæр исаразунæн ци мадзæлттæ æнхæстгонд æрцудæй æма исонибонмæ ци исаразуйнаг æнцæ, уой туххæй. Æ загъдмæ гæсгæ, сæ гъуди бацæттæ кæнуйнаг æнцæ, еци адæми хæццæ косунæн арæхстгин аккаг тренертæ. Сахар Дзæуæгигъæуи тагъд рæстæги байгон уодзæнæй физкультурон-æнæнезгæнæн центр, кæцими спортæй архайун сæ бон уодзæнæй, сæрмагонд æфсæддон операций ветерантæн дæр. Дигори районы спортивон комплекстæ гъæуама сæ куст раздахонцæ нæуæг уавæрти архайунмæ: ефтонггонд æрцæуонцæ нуриккон спортивон дзаумæуттæй, уой хæццæ ба ма си гъæуама уа цæстæй сахъат граждæнтæн æнцон кæсæн нисантæ…

Цæгат Иристони цифрон æвдесæйнæгтæ парахат кæнуни Комитети Сæрдар **Даниил Гахов** куд загъта, утемæй аци къабази ци нæуæгдзийнæдтæ фæззиндтæй, уони фæрци фæццубурдæр уодзæнæнцæ, сæрмагонд æфсæддон операций æма сæ биййнонтæн агъаз кæнуни мадзæлтти æмгъудтæ. Уонæй нур берети бон æй Паддзахадон лæггæдти портали æма берæкъабазгин центр «Мои документы»-йæй пайда кæнун. Æмгустади электрон каналтæй бастдзийнадæ цæмæй уа еугур министрадти æма уагæдæнтти хæццæ дæр, уобæл дæр куст цæуй.

***БИЧИЛТИ Алетæ***

**ЦÆГАТ ИРИСТОНИ ИСФÆЛДИСТАДОН БАЛЦИЙ – АБХАЗИЙ САМСОН ЧАНБАЙИ НОМБÆЛ ПАДДЗАХАДОН ДРАМОН ТЕАТР**

# ÆНСУВÆРОН ÆМГУСТАДИ ФАРНÆ

Не ’нсувæрон республики театри артисттæ æртæ боней дæргъи сæ спектакльтæ æвдистонцæ Тæбæхсæути Балой номбæл паддзахадон Ирон академион театри сценæбæл. Иристони номæй иуазгутæн зæрдæбун арфæ ракодта республики культури министр **Гудиати Батрадз**:

– Нæ культурон бастдзийнæдтæ аци бонæй нæ ’нцæ, берæ æнзти дæргъи нин хуарз æгъдау иссæй кæрæдземæ гастрольти цæун. Мæ бон æй уотæ зæгъун дæр, æма Иристони сумах иуазгутæ нæ айтæ, цума уæхемæ айтæ, уотæ æнгъæлетæ уæхе. Раст уотæ фенгъæлунцæ сæхе Ирон театри артисттæ дæр абхазаг сценæбæл...

Гудиати Батрадз Цæгат Иристони Культури министради Кади гæгъæдитæй исхуарзæнхæгин кодта Абхази драмон театри генералон директор, Абхазий æма Хонсар Иристони æскъуæлхт артисткæ **Хибла Мукбайи**, театри режиссер-æвæрæг **Мадинæ Аргуни** æма Абхази адæмон артист **Хагба Кесоуи**.

– Абони махæн уæлдай ахсгиаг бон æй. Нæ театри номæй мæ фæндуй райарфæ кæнун Ирон театри коллективæн, уæлдай циттгин нæ кæнунцæ. Цæгат Иристон æма Абхази ’хсæн хæлардзийнадæ дзубандитæй нæй, фал арф, æнæхийнæ, рæстæги цуди ка нæ нидæн кæнуй, уæхæн рахастдзийнæдтæй. Абони гастрольтæ ’нцæ æвдесæн, нæ хæлардзийнадæ федардæр ке кæнуй, уомæн. Арфæ кæнун театрæн, уæлдайдæр ба æ аййевадон разамонæг **Уалити Гивийæн**, нæуæгæй бабæй таурæхъон сценæбæл ке лæууæн, уой туххæй. Аци анз нæ театрæн юбилейон æй, æнхæст ибæл кæнуй 95 анзи. Нæ юбилейон анз Иристонмæ гастрольтæй ке райдæдтан, е уæлдай æхцæуæн æй махæн. Арфæ кæнун дууæ республикей культури министрадтæн – нуртæккæ гастрольти цæун нæ рæстæги æнцон гъуддаг нæй. Кæд идард ан, уæддæр уæ цийнæбæл цийнæ кæнæн, уæ зинбæл зин кæнæн, – зали бадгути зæрдитæ æ зæгъуйнæгтæй балхæдта Хибла Мукба æма театрæн балæвар кодта абхазаг театри хузæгæнгути куст.



Æртæ спектакли æрласта Абхази театр – трагеди Федерико Гарсиа Лоркайи фæстаг пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Дом Бернарды Альбы», Евгений Шварци аргъаумæ гæсгæ æвæрд спектакль, комеди «Голый Король» æма Алексей Гогуай роман «Большой снег»-мæ гæсгæ æвæрд драмæ «Асцу». Гастрольти фæстаг бон, театрдзаути тæрхонмæ рахастонцæ, абхазаг адæмти уæззаудæр дзаман – 1911 анзи тухгин метуарди рæстæг, зиндзийнæдти сæрти бахезгæй, сæ нифс ке нæ расастæй æма ке багъæуай кодтонцæ сæ традицитæ, культурæ æма зундирахаст.

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, инæлар-майор Петр Михаили фурт Акимочкини райгурдбæл 15 феврали æнхæст кæнуй фондз æма æхсæзинсæй анзи (1901-1978). 1950 анзæй фæстæмæ цардæй Цæгат Иристони.**

*Намерение (ният) зарождается в сердце постящегося и высказывается для соблюдения поста ради Аллаха. Словами оно может быть выражено так: «Навяйту ан асума савма шахри рамадана мин альфаджри иляль-магриби халисан лильляхи та 'аля». Что в переводе означает: «Я вознамерился соблюдать пост в месяце рамадан от рассвета да захода солнца искренне ради Всевышнего Аллаха».*



**СОГЛАСНО КОРАНУ, ИСТИННО ВЕРУЮЩИМИ ЯВЛЯЮТСЯ ТЕ, КОТОРЫЕ ИСПОВЕДУЮТ ПРАВО И ДОБРО И БОРЮТСЯ ПРОТИВ ПРОТИВОПРАВНОГО И ЗЛОГО ДЕЙСТВИЯ...**





# И ПРЕДПИСАН ВАМ ПОСТ...

Рамадан – это месяц поста, поклонения и праведности, когда Аллах приумножает награду и одаряет Своих рабов многократно за благие дела.

Аллах, Свят Он и Велик, вменил пост в обязанность общине Мухаммада, да благословит его Аллах и приветствует, как и предшествовавшим общинам: *«О те, кто уверовали! Предписан вам пост подобно тому, как он был предписан тем, кто жил до вас, чтобы вы стали богобоязненными»* (с. 2, а. 183).

Пост в Рамадан – это обязанность, установленная Аллахом Всевышним и является одним из пяти столпов Ислама. В этот месяц был ниспослан Священный Коран – верное руководство для людей и различения между истиной и ложью. «Месяц Рамадан в котором ниспослан Коран как руководство для людей, ясные доказательства прямого пути и различения. И кто из вас застанет этот месяц, пусть проводит его в посте» (с. 2, а. 185). . О превосходстве Рамадана говорится во многих хадисах и преданиях . Передают со слов Абу Хурейры, что Пророк, мир ему и благословение Аллаха, сказал: *«Когда наступает Рамадан, распахиваются врата Рая, запираются врата Ада, а дьяволов заковывают в оковы»* (аль-Бухари и Муслим).

Также Пророк, мир ему и благословение Аллаха, сказал: *«Моим последователям дарованы пять особенностей в Рамадане, которые не были дарованы предыдущим общинам: неприятный запах изо рта постящегося для Аллаха приятнее, чем благоухание мускуса; ангелы молят прощения для них вплоть до разговения; каждый день Аллах украшает Свой Рай и говорит: «Близко то время, когда праведные рабы Мои сбросят с себя бремя тягот и беспокойства и устремятся сюда»; мятежных дьяволов заковывают в оковы, и они не могут делать того, что они делают в другое время; и постящиеся удостаиваются прощения в последнюю ночь». Люди спросили: «О посланник Аллаха, это – ночь предопределения?» Он ответил: «Нет, просто труженик получает свою награду сполна, когда завершает начатое дело»* (Ахмад).

Посланник Аллаха, да благословит его Аллах и приветствует: *«Завидев полумесяц – поститесь! Завидев полумесяц – разговляйтесь! А если вам не видно его (по причине облачности), то завершите месяц тридцатью днями»* (Аль-Бухари, Муслим).

Необходимо заметить, что нельзя доверяться календарям, в которых за год вперед определены начало и конец поста. Для фиксации вдения полумесяца Рамадана достаточно свидетельство одного или двух доверенных мусульман.

**Столпов или условий поста три:**

**Намерение.** То есть наличие в сердце решимости поститься, подчиняясь велению Аллаха Всемогущего и Великого и приближаясь к Нему, ибо сказано Пророком, да благословит его Аллах и приветствует: *«Поистине дела (оцениваются) только по намерениям, и, поистине, каждому человеку достанется только то, что он намеревался (обрести)»* (Аль-Бухари, Муслим).

**Воздержание.** Отказ от всего, что нарушает пост в виде приема еды, питья, совокупления в светлое время суток.

**Время.** Имеется в виду светлая часть дня, то есть от утреннего азана до заката солнца.

Обязательность поста обуславливается тремя условиями: **совершеннолетие; здравость рассудка; способность поститься**, то есть отсутствие серьезных противопоказаний врача.

Правильное соблюдение поста женщиной требует, чтобы она очистилась от менструаций или послеродового кровотечения.

При посте порицается:

** чрезмерное полоскание рта и втягивание в себя носом воды при омовении;*

** целование жены тем, кто не в состоянии контролировать свои чувства;*

** намеренное накапливание слюны с последующим ее проглатыванием;*

** проба пищи, не вызванная необходимостью (Дозволено попробовать пищу на язык во время приготовления, если в этом есть необходимость, при условии, что пища не должна попасть в горло. После этого рот следует прополоскать)*

Пост прерывается по уважительным причинам со стороны:

** женщины, роженицы или у которой происходит естественный месячный физиологический процесс;*

** человека, нуждающегося в прерывании поста для избавления другого от опасности, например: спасение тонущего или срочное переливание крови и т.д.;*

** больного, опасающегося за то, что пост повредит ему;*

** беременных или кормящих грудью женщин, опасающихся за себя или за ребенка.*

Все вышеуказанные лица должны восполнить пропущенные дни поста, как только у них появится возможность.

Нарушения, при которых пост считается недействительным, бывают четырех видов:

1. Нарушения, являющиеся греховными и обязывающие нарушившего возместить день поста и совершить искупление.

К этому виду относится брачные интимные отношения. Запрет на эти отношения снимается после захода солнца. Всевышний Аллах сказал: *«Разрешается вам в ночь поста близость с вашими женами...»* (с. 2, а. 187).

Искупление. Это соблюдение поста в течение двух месяцев подряд. Если же это является невозможным, то следует накормить 60 бедняков, а если и это является невозможным, то это откладывается до тех пор, пока не появится такая возможность.

2. Нарушения, также являющиеся греховными, но обязывающие нарушившего восполнить только один день поста во внеурочное время. К числу этих нарушений относится:

** преднамеренный прием пищи;*

** преднамеренный вызов рвоты;*

Передают, что посланник Аллаха, мир ему и благословение Аллаха, сказал: *«Если раб обратится в Ислам и станет исповедовать его надлежащим образом, то Аллах простит ему любой грех, совершенный им прежде. После этого воздаяние для него будет таким: за каждое благое дело он получит десятикратное вознаграждение, которое может вырасти до семисоткратного, а за каждое дурное дело, ему воздастся только равным, если только Аллах не простит его»* (Ахмад и аль-Бухари). Таким образом, Всевышний оказывает людям милость и вдохновляет их на совершение добрых дел и поэтому наступление Рамадана является великой милостью для каждого, кто выполняет в этом месяце свои обязанности и возвращается на путь своего Господа, кто кается в грехах и устремляется к Богоугодным поступкам.

***Материал предоставлен Духовным управлением мусульман РСО-Алания***

## О ПОСТЕ В МЕСЯЦЕ РАМАДАН

В Коране указана причина установления поста, необходимость его соблюдения именно в месяце Рамадан. Пост связан с началом земной жизни небесного Корана, началом посланнической деятельности Мухаммада и не сводится в Исламе к формальному воздержанию от запрещенного. Рамадан используется для более глубокого познания Аллаха и его Слова – Корана, значения жизни и деятельности Пророка Мухаммада . Мусульманин должен сочетать пост с углублением благочестия и добродетельными поступками, добрыми делами.

## СТОЙКОСТЬ ВЕРЫ

Соблюдение поста – знак выражения сильного имана – веры. Смысл поста не сводится лишь к воздержанию в еде, питье и прекращения брачных сношений на определенный отрезок времени. Все это – сфера поста, относящаяся к материальной, телесной стороне. Воздержание, аскетизм приносят благо человеку только тогда, когда они совершаются в богоугодных целях, то есть ради Своего Создателя. Эти цели в исламе проявляются в форме поста. Важно усилием воли соблюдать воздержание в еде, проявляя этим стойкость веры и Аллаха Всевышнего.

## ВЕЛЕНИЕ ТВОРЦА

Искреннее выполнение своих обязанностей перед Всевышним – дает в полной мере прочувствовать дары, скрытые Им в поклонении. При соблюдении поста человек становится более внимательным, он чувствует, что в его сердце растет любовь к Всевышнему, к Пророку и к окружающим его людям; в человека вселяется уверенность и спокойствие. От осознания того, что мы соблюдаем пост ради нашего Создателя, сотворившего нас, от осознания того, что мы являемся Его созданиями, мы искренне исполняем веления нашего Творца.

## БОЖЕСТВЕННОЕ НАПОМИНАНИЕ

Люди на протяжении своей жизни нуждаются в помощи друг друга по различным причинам. Пост напоминает нам о существовании бедных и нуждающихся и побуждает нас к милосердию. Человек – существо, «запрограммированное» по божественной воле Всевышнего жить в сообществе с другими. Среди членов общества соседствуют богатые и бедные, здоровые и больные, молодые и старые. Если рассмотрим вопрос с точки зрения поста, то те, кто не испытывает никаких материальных проблем, и потому живут в довольстве и достатке, в полной мере не могут понять состояние тех, кто живет в тисках бедности и нужды.

## ВЕЛИКАЯ МИЛОСТЬ

С каждым новым днем поста он крепнет, и одновременно усиливаются его вера в Единственного Творца и понимание Великой милости. При соблюдении поста такие черты характера как высокомерие, гордыня и неприязнь превращаются в покорность, послушание и стремление помочь окружающим. Человек становится терпеливее и выносливее, его не страшат тяготы мирской жизни и не одолевает страх перед завтрашним днем. Восприятие окружающего мира, благодаря посту, становится более глубоким и осознанным.

**Международный день спонтанного проявления доброты отмечается 17 февраля. Постараемся не только в этот день, но всегда быть добрыми ко всем – безгранично и бескорыстно.**

☺ *Поймал дед Золотую рыбку.*
*Рыбка:*
*– Чего тебе надобно старче?*

*Дед:*
*– Так, Пушкина я читал и знаю, чем все кончится. Первым делом новую жену!*

☺ *Какие ребра, таковы и Евы.*

* * *

☺ *А воз и ныне там, где баба с возу.*

**НÆ ЕУГУР ГЪУДДÆГУТÆ, ГЪУДИТÆ ÆМА ДЗУБАНДИТÆ НÆ ФÆДБÆЛ ЦÆУНЦÆ – АРХАЙЕТÆ ХУАРЗДЗИЙНАДÆ АРАЗУНБÆЛ!..**



# ЕСКÆМÆН ДÆ ХУАРЗ ФÆНДУЙ, УÆД ХУАРЗМÆ ÆНГЪÆЛМÆ КÆСÆ!..

**1.** **Уотæ раудæй, æма еци-еу рæстæгмæ бадзубанди кодтай дууæ фембæлдей туххæй. Уæхæн уавæри бахаугæй, кæцимæ си фæццæудзæнæ?**

а) Раздæр ке туххæй бадзубанди кодтон, уордæмæ – 1;

б) Æхцæуæндæр мин ка 'й, еци фембæлдмæ – 0.

**2.** **Иуазæгути угæй, раздæр дæр ма ке фегъустай, уæхæн ходæг радзурд ку фегъосай, уæд:**

а) Нæ 'й иской кæндзæнæн – 1;

б) Балæдæрун æй кæндзæнæн, кæддæр ма 'й фегъустон, уой – 0.

**3.** **Дæ кæддæр зонгæбæл исæмбалдтæ, фал ин æ ном ба байронх дæ. Æма:**

а) Нифсæрмитæ угæй, байархайдзæнæ еци ирухст уавæрæй ести хузи фæййервæзунбæл – 0;

б) Æргомæй басæтдзæнæн, æ ном ин ке нæбал гъуди кæнун, уобæл – 1.

**4.** **Ести листæг гъуддагæй ку исгъигæ уай (дæ сæр ке ресуй, дæ бийнонти 'хсæн цидæр нецæййаг хæлхъой ке раудæй, кенæ æндæр ести гъуддаг), уæд:**

а) Уой фæдбæл рахабæрттæ кæнун сауæнгæ мæ зонгитæн – 0;

б) Мæ меднимæр сæ фæддарун – 1.

**5.** **Ескумæ дæ ку байагорунцæ, уæд дин ахсгиагдæр ци фæууй:**

а) Уæхæн уæледарæс искæнун, кæцими мин æнцон уодзæнæй – 1;

б) Уæхæн уæледарæс искæнун, кæцими мин уоййасæбæл æнцон нæ уодзæнæй, фал уавæрмæ гæсгæ ба аккаг уодзæнæй – 0.

**6.** **Айдагъдæр сувæллæнтти аккаг æй, зæгъгæ, ци телеравдист нимайис, уой дæ рази цийнæ кæнгæй еске æстауа, уæд зæгъдзæнæ:**

а) «Æз æй нæма фæууидтон, фал имæ бакæсун гъæуй» – 1;

б) «Æз æй еу хатт фæууидтон æма мæ зæрдæмæ æгириддæр нæ бацудæй…» – 0.

**7.** **Де 'мбал секк кæнуй, ци хуæдтолгæ балхæдта, е ин æгæр хъазарбæл ниллæудтæй, зæгъгæ. Кæд ду дæр уотæ нимайис, æма зингæ-зингæ фулдæр ибæл бафиста, уæд:**

а) Æнæмæнгæ ин зæгъдзæнæ, æцæгæйдæр уотæ ке 'й, уой – 0;

б) Неци ин зæгъдзæнæ, фал ин арфæ дæр ма ракæндзæнæ æ исфæрæзни туххæй – 1.

**8.** **Де 'рдхуарди нæуæг монцдзийнадæ дæ зæрдæмæ æгириддæр нæ цæуй. Æма дæ уой фæдбæл ку бафæрса, уæд:**

а) Комкоммæ дзуапп раттуни бæсти ести хузи фæттиллеф кæндзæнæн – 1;

б) Æргомæй ин зæгъдзæнæн, æ нæуæг монцдзийнадæ мæ зæрдæмæ ке нæ цæуй, уой – 0.

**9.** **Æ бийнонти 'хсæн ци æфхуæлцæ исæвзурдæй, уой фæдбæл де 'мбали багъудæй дæ унаффæ. Æма:**

а) Зæгъдзæнæ ин, гъома, дæумæ гæсгæ раст æй – 0;

б) Тиллефгонд дзуапп ин ратдзæнæ – 1.

* * *

**Нур ба банимайæ, фарстатæй кæцибæл ци дзуапп равардтай, уомæ гæсгæ баллтæ æма искæнæ хатдзæгтæ.**

**0-3 балли.** Дæ æгæр æргомдзийнадæ дæ алфамбулай ка 'й, уонæмæ усхъуммæгомау фæккæсдзæнæй. Дæ сагъæстæ æнæргъудийæй гъæр кæнунæй тиллеф кæнæ, уомæн æма дæ загъд, ка 'й зонуй, кедæрти зæрдæмæ нæ фæццæудзæнæй, кедæрти зæрдитæ ба ма сауæнгæ ресун дæр фæккæндзæнæй. Аци унаффæмæ байгъосгæй, æма уомæ гæсгæ ку архайай, уæд, баруагæс ди уæд, минкъийдæр уодзæнæнцæ дæ сæринезтæ дæ хеуæнтти æма зонгити хæццæ рахастдзийнæдти фæдбæл.

**4-6 балли.** Адæми хæццæ кæрæдзей лæдæрундзийнадæй гъæстаг нæ дæ. Фал, æгæр æргом ун ку рафæндæ кæнис, уæдта еци гъуддаги зиндзийнæдтæ æвзарун байдайис. Уомæ гæсгæ ба, ездон фарстати фæдбæл дзубандий архайæ арæхсгæдæр ун. Гъæнти туххæй дæ зæгъун хъæбæр ку бафæндæуа, уæдта архайæ уой æгæр гъæрæй æма карзæй нæ кæнун, фал сабур хузи æма нидæн гъæлæсиуагæй. Уой адæми рази нæ, фал хебарæй, уотемæй дæ фæндæ дæр æнхæстгонд æрцæуудзæнæй æма хæлхъойаг уавæрæй дæр ервæзт уодзæнæ.

**7-9 балли.** Аци хатдзæг ба уой æвдесæн æй, æма дæ алфамбулай ка 'й, уони хæццæ рахастдзийнæдтæ аразунмæ арæхсис, уомæн æма си хуарз лæдæрис, уæдта сæ хæццæ дæхе дарис ездонæй, хъæбæр æстæн адæмæй кедæрти дæхецæй райеуварс кæнис.

**ЦÆМÆН ДЗОРÆН УОТÆ**

# ГАБАНТИ ХАРЗÆЙ

Инсæйæймаг æноси райдайæни Габантæй еу æвзугъд æма зæрдæргъæвд лæхъуæн уæлдæр скъола каст фæцæй æма Бакуй косун райдæдта инженерæй нефткосæн заводи. Уоми æхе хуарзæй бавдиста æма ин кадæ адтæй косгути, уæдта разамунди 'хсæн. Арæхстгин æма зонундзийнæдтæй ефтонг ке адтæй, уомæ гæсгæ хумæтæг инженерæй берæ нæ бакуста, уайтæкки ин æ ихæстæ фæффулдæр кодтонцæ.

Биццеуи хуарзи кой райгъустæй сахартæбæл æма æрбахъæрттæй сауæнгæ Иристонмæ дæр. Еци рæстæг Бакуй ирæнттæ берæ цардæй, – кустагорæг



æфтудæнцæ уордæмæ. Бафтудæй ма сæбæл Габанти биццеуи фæрци дæр. Е сæ кустмæ есун кодта, æхуæдæг кæми куста, уордæмæ, уæдта æ хуарз зонгити кустуæттæмæ. Æма æ хæстæгутæй, зонгитæй, æнæзонгитæй беретæ рафтудæнцæ Бакумæ. Устур улупа истонцæ æма бæркадкъохæй æздахтæнцæ Иристонмæ. Ами сæ десгæнгæ фарстонцæ:

– Де 'хцатæ еугурæйдæр ку исхастай, уæд ма цæргæ ба цæмæй кодтай?

– Габанти харзæй! – адтæй сæ дзуапп.

Æма, æцæгæйдæр, Габанти иженер ирæнттæн Бакуй адтæй сæ фæрнуг фусун. Фиццагидæр уомæ цудæнцæ, æма цалинмæ косун нæ райдайиуонцæ, уæдмæ цардæнцæ æ хæдзари, æ харзæй. Мадта косун ку райдайиуонцæ, уæддæр, цалинмæ мизд нæ райсиуонцæ, уæдмæ хуæрæндони сæ хуæрдæ финст цудæй Габанти инженербæл.

**РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..**



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1** **Дуккаг дуйнеуон тугъди советон адæми алæмæти уæлахези кадæн Берлини ци сæрмагонд монумент ес, уой исаразун æ рæстæги бабарæ кодтонцæ зундгонд скульптор Евгений Вучетичæн. Æма ин уæди зингæдæр балхонтæй еу байхæс кодта, цæмæй мемориали сæйрагдæр гурæн исуа Иосиф Сталини сорæт. Фал фæтæг еци фæндæбæл нæ исарази æй, фал равзурста æндæр эскиз – советон тугъдон ке фæййервæзун кодта, еци кизгæ æ къохти, уотемæй. Фиццаг вариантбæл дзорæг балхон ба ка адтæй:**

**а)** Климент Ворошилов. **б)** Георгий Жуков. **в)** Семен Буденный.

**2** **Æхсæндуйнеуон олимпаг Комитети президент Зигфрид Эдстремæй Олимпаг гъæзтитæй еуей кæронбæттæнгæнæн мадзали æ радзубандий феронх æй, æнæмæнгæ зæгъун ке гъудæй, еци загъд: «Олимпаг гъæзтитæ нимайун æхгæдбæл!..» Уомæ гæсгæ ба еци Олимпаг гъæзтитæ, зæгъун æнгъезуй, æхгæдбæл нимад нæ цæунцæ. Кæми ба цудæнцæ еци Гъæзтитæ?**

**а)** Рими. **б)** Токиой. **в)** Хельсинки.

**3** **Дронт, зæгъгæ, ци тæхгæцъеу худтонцæ, е кæддæр цардæй Маскаренскаг сакъадахти. Уони адзалæн голландийæгтæ уордæмæ баластонцæ хутæ. Етæ ба си уойбæрцæбæл исберæ 'нцæ, æма бунхуæрд бакодтонцæ дронти еугурейдæр. Уæддæр еци тæхгæцъеу иронхуати нæ байзадæй. Зундгонд натуралисттæй ин æ сорæт ка равзурста æ зоопарки эмблемæн?**

**а)** Гржимек. **б)** Брем. **в)** Даррелл.

**4** **Недзамайнаг ромæгтæ, сирдти ахур кæнгæй, ахур сæ кодтонцæ сæ кæрæдзей нихмæ тох кæнунбæл дæр. Уæди рæстæги адæммæ хъæбæр цæстиварди адтæнцæ, гал æма сикъафий ку фæккæрæдземæ уиуонцæ, кенæ цомахътæ сæхе раскъæриуонцæ домбайтæбæл, тигртæ ба æрситæбæл, уæхæн тохæнтæ. Æма сæ уомæ ка цæттæ кодта, еци гладиатори ба куд хундтонцæ?**

**а)** Бестиарийтæ. **б)** Венатортæ. **в)** Димахертæ.

* * *

**Аци фарстатæбæл раст дзуæппитæ кæсетæ нæ газети иннæ номери. Абони ба мухур кæнæн раст дзуæппитæ нæ газети 4-аг номери мухургонд фарстатæбæл.**

**1-б; 2-в; 3-а; 4-в; 5-б; 6-а; 7-б; 8-в; 9-в; 10-а.**

**Дигорæ**

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Раугъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **600.** Заказ **№ 280.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 13.02.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 13.02.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рвæтæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**